

## Smile Train Cleft Lip and Palate Zvinokomekedzwa mukupa vana vakaremara muromo nemhuno chikafu

- 1** Vamwe vana vanozvarwa vasina kuvharika pakati pemhuno nemukanwa – vanenge vakavhurika pamuromo wepamusoro kana mukana nechepamusoro (zvisingawoneke nekunze dzimwe dzenguva).



- 2** Zvakakosha kuti mwana agadziriswe nachiremba. Pasinezvo, mwana angangotadza kutaura, kudyana kana kuyamwa. Uyezve, angangobatwa nehutachuwana nyorenyore.



- 3** Chiremba veku Smile Train vanokwanisa kugadzirisa vana pasina mubhadharo kuzvipatara zvavanoshamwaridzana nazvo. Kugadzirirwa nachiremba ndiyo yega nzira yekugadzirisa hurema hwakadai kuvana.



- 4** Kuti vana vakodzere kuti vagadziriswe nachiremba, zvinokurudzirwa kuti vange vaine hutano hwakanaka vachidya chikafu chinovaka muviri.



- 5** Zvinogona kunetsa kupa vana vakadai chikafu. Mukaka unogona kubuda nemumhuno kana kupinda mumapapu. Vana vanogona kumedza mhengo, voita kunge vaguta vobva varara, ivo vasina chikafu chakakwana chavadya.




**6** **Zvinokomekedzwa kuti vana vange vaine utano hwakanaka vasati vagadziriswa.** Vana mai vanoyambirwa kuti vayedze nzira dzakawanda dzekupa vana chikafu. Zvinokurudzirwa kuyamwisa mwana pazamu kana zvichikwanisika. Dzimwe nzira dzekupa vana chikafu ndeidzi:



Yedzai kuti mwana ayamwe akagara.



Isai zamu ramai kurutivi rusina kuvhurika.



Svinirai mukaka mukanwa memwana zvinyoronyoro kuti uwandirire.



Potai muchiyamwisa mwana padiki-padiki muchimudzvovesa.

**7** **Kana zvisingakodzere kuyamwisa mukaka wamai,** zvinokurudzirwa kuti mushandise dzimwe nzira dzekupa mwana chikafu. Zvimwe zvamungaite ndeizvi:




Mai vanogona kusvina mukaka wavo, vopa mwana ne bhodhoru kana chipunu.



Mai vanogona kukudza buri pa titi yebhodhoru kuti mukaka ubude wakawanda.

**8** **Kana mukaka wamai pasina,** mai vanogona kupa mwana mukaka wemombe kana wemugaba. Fashaidzai nekuzotonhodza mukaka wemombe kana mvura yekugadziriswa mukaka wemugaba, musati mapa mwana.



**9** **Zvinokomekedzwa kuti mabhodhoru, ndiro, makapu, nezvipunu zmemwana zvinge zvachena nguva dzese.** Sukai nesipo mofashaidza mumvura kwemamineti gumi. Kana zvisina kuchena, zvinopa vana hutachuwana vobva varwara.



**10** **Musakanganwe kuendeswa mwana ku Smile Train center iripedyo nemi.** Chiremba wepachipatara achawongorora mwana okuwudza musi wekuwuya kuti mwana agadziriswe.

Rangarirai! kurapwa kwevana ne Smile Train center hakubhadharwe.

